# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–02 जून 2025 भोजपुरी समाचार

भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान कानपुर आजु जेईई एडवांस्ड परीक्षा दुइ हजार पचीस क रेजल्ट घोसित कइ दिहलस। परीक्षा में पहिला जगहि पावे वाले रजित गुप्ता आईआईटी करे क इच्छुक विद्यार्थियन के सलाह दिहले हवे कि ऊ तइयारी के दौरान जब्बे जरूरति होखे त अपने सिक्षकन क सलाहि जरूर लें।

**अपने टीचर्स से कंसल्ट करिये की मुझे कैसे क्या पढना है। खुद से कुछ मत करिये। पूरी मेहनत करनी है उसके अंदर, उसके अंदर जुट जाइये। जो बेसिक एक इंट्रेक्शन रहता है। फैमली मेम्बर और स्टूडेंट के बीच में कि हां पापा कैसे हो, हां मां कुछ चाहिए वगैरह वैसा वो सब तो रहता ही है और ऐसा कुछ बहुत ज्यादा एक्स्ट्रा ऑर्डिनरी नहीं रहा।**

जेईई एडवांस्ड परीक्षा भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थानन अउर तकनीकी सिक्षा के अउरियो सहभागी संस्थानन में स्नातक पाठ्यक्रम में प्रवेस खातिर आयोजित कइल जाला।

**********

आतंकवाद के खिलाफ भारत के मजबूत संकल्प क सनेसा देवे खातिर सांसदन वाले सात गो सर्वदलीय प्रतिनिधिमंडल कई गो देसन के जतरा पर हवें। येही क्रम में एनसीपी–एससीपी क सांसद सुप्रिया सुले के अगुवाई में प्रतिनिधिमंडल आजु मिश्र पहुंचल। येह से पहिले सिव सेना सांसद श्रीकान्त शिंदे के अगुवाई में सर्वदलीय प्रतिनिधिमंडल लाइबेरिया में भारतीय समुदाय के सदस्यन से बतियवलस। श्री शिदें कहले कि चार से पांच दसकन ले आतंकवाद के खिलाफ लड़ाई के बावजूदों भारत अबहिन प्रौद्योगिकी में एगो बड़हन सक्ति हौ।

**********

ऑपरेशन सिंदूर के सफलता के उत्सव के बिच्चे, राष्ट्र भारतीय सैनिकन के बीरता के नमन कइ रहल हवे। ससस्त्र बलन के सौर्य के याद में आकाशवाणी समाचार विसेस श्रृंखला का प्रसारण कइ रहल हवे। आजु येही कड़ी में, हम परमबीर चक्र से सम्मानित कंपनी हवलदार मेजर पीरू सिंह के याद कई रहल हईं।

**1918 में राजस्थान में जन्मे कंपनी हवलदार मेजर पीरू सिंह 1936 में 6 राजपूताना राइफल्स में भर्ती हुए। जुलाई 1948 में जम्मू–कश्मीर के तिथवाल सेक्टर में एक सैन्य अभियान के दौरान कंपनी हवलदार मेजर पीरू सिंह संकरे रास्ते से आगे बढ़ रहे थे तभी उनकी टुकड़ी को दुश्मन की भारी गोलाबारी का सामना करना पड़ा। जब उनके अधिकांश साथी या तो शहीद हो चुके थे या घायल हो गए थे तब कंपनी हवलदार मेजर पीरू सिंह अकेले ही दुश्मनों के खिलाफ डटे रहे। ग्रेनेड के छर्रे लगने से घायल होने के बावजूद उन्होंने अपनी स्टेन गन से दुश्मन की मीडियम मशीन गन टीम को तबाह कर उस मोर्चे पर कब्जा किया। जब उनकी गोलियां खत्म हो गई तो उन्होंने ग्रेनेड फेंके और एक खाई से दूसरी खाई में जाकर दुश्मन सैनिकों को संगीन से मार गिराया। मेजर पीरू सिंह जब दुश्मन की एक अन्य चौकी पर हमला कर रहे थे तभी उनके सिर में गोली लग गई लेकिन अंतिम क्षणों में भी उन्होंने एक ग्रेनेड दुश्मन की खाई में फेंक दिया। उन्हें मरणोपरांत परमवीर चक्र से सम्मानित किया गया। सकलेन अख्तर, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

अजोध्या धाम में बिहने से सुरू हो रहल, प्राण प्रतिष्ठा अनुष्ठान के पूर्व संझा पर आजु कलस जतरा निकारल गइल। राम दरबार अउर परकोटा में बनल कई गो मंदिरन में पांच जून के प्राण प्रतिष्ठा होई। येह बिच्चे श्री राम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क महासचिव चंपत राय कहलें हवे कि कउनहू मनई प्राण प्रतिष्ठा सब्द सुनि के अजोध्या न आवे, काहे से कि येह कारकरमन में केहू के आमंत्रित नाही कइल गइल बा। अजोध्या धाम में खाली उहे लोग अइहें जिन्हें श्री रामलला क दरसन करे के बा। उहां के फरियवले हवे कि अबहिन कुछु महिन्ना ले सरधालु श्री रामलला अउर परकोटा में बनावल गइल मंदिरन क दरसन नाही कइ पइहें।

**********

स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण मंत्रालय के हिसाबि से अबहिन ले देसभर में कोविड नाइंटिन के तीन हजार नौ सौ साठ से बेसि सक्रिय मामिला सामने आइल हवे। हालांकि कि स्वास्थ्य विशेषज्ञ कोविड के नवका वैरिएंट के हल्लुक बतवलें हवे। आकाशवाणी समाचार से खास बातचीत में डॉ. राम मनोहर लोहिया अस्पताल में कोविड यूनिट क प्रभारी डॉ. पवन कुमार लोगिन के भरोसा दिहले हवे कि येह से घबरइले क जरूरति नइखे। येह बिच्चे प्रदेस के श्रावस्ती जिला के लेके कई गो अउरियों जिलन में कोविड के लेके अलर्ट जारी कइल गइल बा। लोगिन से बेमारी के प्रति घबराहट छोड़ि के सतर्कता बरतले क अपील कइल जा रहल हवे।

**********

बाराबंकी जिला के रामनगर थानाक्षेत्र में चौका घाट के लगे आजु भिन्नही सड़क हादसा में चारि जने क मउति हो गइल, आ तीनि जने अउरियो घाही हो गइले। ई हादसा ओह समय भइल जब गोंण्डा जिला क रहवइया एक्के परिवार क लोगि चार पहिया वाहन से पारिवारिक कार्यक्रम में सामिल होके कानपुर से वापिस लउटत रहले कि बाराबंकी जिला में गोंण्डा राहि पर एगो ट्रक से टक्कर हो गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सड़क हादसा क जनकारी लेत मृतकन क सोक संतप्त परिजनन के प्रति संवेदना जतवलें हवें। सथही उहां के घाही लोगिन के पुरहर इलाजों क निरदेस दिहले हवें।

**********